



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 36 MILYON DOLA NAN KAD INISYATIV "SANT ENÈJI PWÒP REJYONAL YO" POU EDE OFRI SOLISYON AK OPÒTINITE ENÈJI PWÒP YO ONIVO KOMINOTE A

Pwogram lan pral amelyore angajman kominotè ak asire kominote ki defavorize yo benefisye nan tranzisyon New York anvè enèji pwòp

Inisyativ la soutni objektif Lwa sou Lidèchip pou Klima ak pou Pwoteksyon Kominotè a pou asire omwen 35% benefis investisman ki fèt nan enèji pwòp yo al jwenn kominote defavorize yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon nouvo inisyativ 36 milyon dola pou tabli ak soutni Sant Enèji Pwòp Rejyonal yo (Regional Clean Energy Hubs) kòm sant pou akonpayman, sansibilizasyon, ak edikasyon nan chak nan dis rejyon Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) yo, pou amelyore angajman kominotè ak asire tout Nouyòkè ka benefisye nan tranzisyon Eta a anvè enèji pwòp.

Anons jodi a soutni objektif anbisyè Eta New York genyen pou enèji pwòp ak klima dapre Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) oswa (Lwa sou Klima) a ki gen ladan objektif lidè nan nasyon an, pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 85 pousan dis 2050 ak egzijans pou asire omwen 35 pousan nan benefis yo, avèk yon objektif 40 pousan, nan investisman ki fèt nan enèji pwòp yo al jwenn kominote defavorize yo.

"Sansibilizasyon ak enklizyon kominotè vrèman esansyèl pou asire ke tout Nouyòkè yo, kèlkeswa kote yo ye oswa sikonstans yo, ka benefisye avantaj tranzisyon lidè nan nasyon an ke Eta a nou an ap fè anvè enèji pwòp." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo inisyativ sa a ankouraje kolaborasyon ak patenarya anndan kominote yo toupatou nan New York pou asire ke rezidan yo pa sèlman patisipe an mouvman sa a, men tou yo ka fè tande vwa yo ak kontribiye nan fason yo mete pwogram enèji pwòp yo sou pye alavni."

Se Gouvènè Adjwen Brian Benjamin ki te fè anons jodi a nan Yonkers.

"Etablisman Sant Enèji Pwòp yo nan tout rejyon yo nan eta a pral ede kominote defavorize yo jwenn plis aksè a pwogram ki ka ofri yo fason pou ekonomize enèji pou kay yo ak biznis yo, ansanm ak sansibilizasyon pou demann deplizanpli ki genyen pou

mendèw kalifye nan endistri enèji a," **Gouvènè Adjwen Brian Benjamin te deklare.** "Nouvo inisyativ sa a pral enspire nouvo kolaborasyon ak patenarya anndan kominote yo toupatou nan eta a k ap angaje sila yo ke yo te kite deyè depi byen lontan epi pèmèt yo pwofite tout avantaj ekonomi enèji pwòp florisans New York la.

Sou administrasyon Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), inisyativ [Sant Enèji Pwòp Rejyonal](#) la ap chache atire [pwopozisyon](#) nan men ekip òganizasyon kalifye ki pran angajman pou ede rezidan ki nan kominote defavorize yo jwenn aksè ak avantaj k ap soti nan solisyon ak opòtinite enèji pwòp yo.

Yo defini yon Sant Enèji Pwòp Rejyonal kòm yon òganizasyon oswa rezo òganizasyon, ki responsab pou tabli ak ankouraje patenarya yo nan rejyon yo a pou bay sèvis onivo kominote a. Yo ankouraje tout òganizasyon ki gen eksperyans nan bay sèvis nan domèn enèji pwòp, efikasite enèji, sèvis sosyal, lojman, devlopman ekonomik, sante, ak òganizasyon ki bay fòmasyon yo pou yo patisipe nan devlopman yon Sant (Hub) kòm yon nouvell fason pou yo ofri manm kominote yo nouvo sèvis.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Inisyativ Sant Enèji Pwòp Rejyonal la pral ofri yon kad pou ogmante angajman kominotè anndan [kominote defavorize yo](#) oswa ki dezavantaje nan lòt fason yo toupatou nan eta a. Sèvis Sant Enèji Pwòp Rejyonal yo ap ofri yo pral ankouraje nouvell opòtinite pou tout rezidan New York yo jwenn aksè a solisyon enèji pwòp yo ak pakou pwofesyonèl ekolojik a mezi ekonomi enèji pwòp Eta nou an kontinye devlope."

Gras a pwosesis seleksyon konpetitiv sa a, yo pral chwazi jiska dis òganizasyon, youn nan chak zòn [Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal](#), pou yo ofri sèvis ki annapre la yo pou fè vanse yon ekonomi enèji pwòp ki enkliziv nan Eta New York lè yo:

- Fè sansibilizasyon, akonpayman ak edikasyon pou rezidan yo, ti biznis yo, òganizasyon san bi likratif yo, ak pwopriyete bilding miltifamilyal yo ki nan kominote defavorize yo pou amelyore alfabetizasyon nan zafè enèji epi fè kliyan konnen pwogram ak resous ki disponib yo;
- Fè patenarya ak òganizasyon lokal yo ki gen ladan òganizasyon sèvis sosyal, devlopman ekonomik, founisè lojman ak etablisman lekòl yo pou agrandi aksè ak ogmante patisipasyon rezidan yo ak kominote yo nan pwogram enèji pwòp yo;
- Angaje ak enstans konsène yo pou elve vwa rezidan yo ak kominote yo nan planifikasyon ak mizannèw pwogram enèji pwòp alavni;
- Konekte rezidan yo ak opòtinite fòmasyon ak devlopman mendèw yo pou mendèw nan sektè enèji pwòp la, kote y ap konsantre sou pakou pwofesyonèl pou popilasyon priyorite yo ki nan kominote defavorize yo;
- Mete kanpay sansibilizasyon kominotè sible sou pye ki adapte a bezwen rejyonal yo; epi
- Fè vanse pwojè yo pou reponn a bezwen ak priyorite lokal yo.

Anplis pa mwayen inisyativ sa a, NYSERDA ap chache ogmante aksè a avantaj yo toupatou nan eta a tankou pwogram pou ekonomize enèji pou kay yo ak biznis yo ki ka redui depans mansyèl yo ak amelyore byennèt global, bay plis enfòmasyon sou ak amelyore aksè a opsyon enèji renouvlab yo ki redui depandans sou konbistib fosil yo, epi fè sansibilizasyon ak ankouraje patisipasyon nan opòtinite travay yo nan ekonomi enèji pwòp kwasan an.

Y ap aksepte pwopozisyon yo jiska 23 novanm 2021.

Pou soutni yon aranjman an ekip pou pwopozisyon yo ak fasilite patenarya nan prestasyon sèvis yo, yo te kreye yon [Clearinghouse](#) epi li disponib sou sitwèb NYSERDA pou òganizasyon yo fè konnen si yo enterese fè yon pwopozisyon an ekip. Y ap ankouraje òganizasyon rejyonal yo pou yo egzamine soumasyon sa yo pou pwopozisyon Sant lan yo ka konpreyansiv ak pran an kont bezwen rejyon an yo epi envite patnè rejyonal yo vin patisipe nan prestasyon sèvis yo.

Òganizasyon ki enterese yo mete yo nan lis sou Clearinghouse la pou yo ka gen chans fè aranjman an ekip yo dwe soumèt yon [Fòmilè](#) Deklarasyon Enterè bay NYSERDA nan dat 22 novanm 2021 oplita.

Prezidan Komite Enèji Sena a, Kevin Parker, te deklare, "Efè chanjman klimatik yo reyèl epi yo kontinye ap fè kominote nou yo mal. Sant Enèji Pwòp Rejyonal sa yo pral konekte pwogram yo, sèvis yo ak opòtinite pwofesyonèl yo nan sektè enèji pwòp la ak rezidan yo ki nan chak rejyon eta a, sitou rezidan ak biznis ki nan kominote defavorize yo, kote yo plis bezwen yo."

Prezidan Komite Enèji Asanble a, Michael Cusick te deklare, "Li esansyèl pou nou angaje rezidan yo, biznis yo ak kominote yo pou n ka rive atenn objektif enèji pwòp ak rediksyon gaz a efè sèr Eta a." Etablisman Sant Enèji Pwòp Rejyonal yo toupatou nan eta a, pa mwayen òganizasyon lokal yo, pral konekte pwopriyetè kay yo ak biznis yo ak enfòmasyon, pwogram ak opòtinite travay yo pandan n ap kontinye devlope ekonomi enèji pwòp la."

David Hepinstall, Direktè Egzektif Association for Energy Affordability, Inc. (AEA) lan, te deklare, "AEA soutni fèmeman objektif yo ki nan solisasyon Sant Enèji Pwòp Rejyonal la ke Gouvènè Hochul ak NYSERDA ap anonse jodi a. Nou te apresye chans pou n travay ansanm ak lòt òganizasyon kominotè san bi likratif yo pou n kontribye nan pwosesis ko-konsepsyon NYSERDA a ak ede enfòm angajman Eta a pran pou bay bon jan finansman pou planifikasyon ak angajman kominotè ki pral benefisye kominote ki gen revni fèb ak kominote jistis anviwònmanal yo nan fason ekitab toupatou nan Eta NY."

Adam Flint, Manm Komite Direktè Alyans pou Demokrasi Enèji (EDA) a, te deklare, "Alyans pou Demokrasi Enèji a (Energy Democracy Alliance, EDA) vrèman satisfè de solisasyon Sant Enèji Pwòp Rejyonal la y ap pibliye pandan Semèn Klima a. Pwogram sa a se rezilta yon pwosesis ko-konsepsyon ki mande yon konsòsyòm ant

plizyè òganizasyon kominotè sou direksyon EDA, ak NYSERDA. Angajman NYSERDA pran anvè fòm patenarya ak ranfòsman kapasite 'pi bon pratik' ak òganizasyon kominotè yo mache byen ansanm pou satisfè objektif CLCPA k ap oryante 40% benefis tranzisyon anvè enèji pwòp la bay kominote sistèm enèji sal ak danjere aktyè la te plis afekte yo. Nou pa ka tann pou n travay avèk NYSERDA pou n lanse pwogram sa a ak pou n kontinye mete bezwen kominote yo nan pwosesis konsepsyon pwogram lan."

Finansman pou inisyativ Sant Enèji Pwòp Rejyonal la yo fè pati investisman prèske 1 milya dola New York ap fè pou agrandi aksè a solisyon enèji efikas ak enèji pwòp yo pou kominote defavorize yo [anonse ane pase a](#).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)